



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ENTWODUI LEJISLASYON POU FOUNI ZOUTI ANPLIS SOU APLIKASYON LALWA POU KENBE SÈVIS PIBLIK YO RESPONSAB**

*Nouvo lejislasyon an retire limit sou sanksyon pou vyolasyon anrapò ak entèvansyon apre tanpèt*

*Akselere ak klarifye pwosesis anilasyon franchiz la apre plizyè echèk pou bay sèvis ki san danje ak fyab*

*Egzije PSC pou limite kantite lajan kontribiyab yo bay pou salè fonksyonè sèvis piblik yo*

*Epitou egzije PSC pou etidye si founisè dlo prive yo nan Long Island dwe pase anba kontwòl minisipalite a*

*Delegasyon Lejislati Eta Long Island nan ekspri sipò yo pou pwojè lwa a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze jodi a nouvo lejislasyon pou ranfòse zouti aplikasyon lalwa Eta a pou kenbe konpayi sèvis piblik yo responsab an repons ak echèk jeneralize yo pou prepare ak reponn ak reyalite evènman meteyo ki pi frekan ak ekstrèm yo tankou Tanpèt Twopikal Isaias. Si lejislati a adopte li, nouvo lwa a ap ogmante anpil sanksyon yo pou pati enterese yo dèske yo pa respekte plan entèvansyon dijans yo ak lòt vyolasyon Lwa Sèvis Piblik (Public Service Law, PSL), règleman oswa òdonans Komisyon Sèvis Piblik la. Nouvo lwa a ap akselere ak klarifye tou pwosesis anilasyon franchiz konpayi sèvis piblik pou echèk ki repete yo. Anplis de sa, pwojè lwa a egzije PSC pou limite kantite lajan kontribiyab yo bay pou salè fonksyonè sèvis piblik yo.

An final, pwojè lwa a egzije PSC tou pou etidye si founisè dlo prive yo tankou American Water nan Long Island dwe pase anba kontwòl minisipalite a. Pifò delegasyon Lejislati Eta a nan Long Island te patisipe nan anons lan, pwomèt pou sipòte pwojè lwa a ak ede asire yo adopte li.

"Bondye pa te bay konpayi sèvis piblik la franchiz - se moun nan eta a ki te bay konpayi sèvis piblik la dwa pou fonksyone", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Si moun yo nan eta sa a otorize konpayi sèvis piblik la fonksyone, moun yo nan eta a kapab anile dwa li pou fonksyone. Kidonk, ou gen yon sanksyon oswa ou gen yon anilasyon—men tou de difisil anpil pou lalwa aktyèl afekte yo kounye a, epi nou dwe chanje lwa a. Nouyòkè yo p ap gen konpayi sèvis piblik yo k ap malmennen yo ankò ki te konn panse depi lontan

ke yo twò gwo pou yo ta echwe. Abi konfyans piblik la ke konpayi sèvis piblik yo fè p ap tolere nan Eta New York. Sanksyon an ta dwe pwoposyonèl ak domaj konpayi sèvis piblik yo te lakòz. Lè ou retire limit sou sanksyon yo ak fasilite chemen pou anile franchiz la, konpayi sèvis piblik yo ap responsab."

Nouvo lejislasyon an ap fè sa yo tou:

- Elaji mekanis pou fè aplike lalwa nan lòt kalite sèvis piblik tankou elektrik, kab, televizyon ak dlo
- Bay eta a otorite pou mande jiska 500 dola pou chak kay pou domaj ki lakòz sou konsomatè yo tankou manje gate ak medikaman ki pèdi akòz pàn kouran yo
- Egzije yon plan pou pi bon kominikasyon konpayi sèvis piblik yo ak kliyan yo pandan yon pàn kouran

Dapre règ aktyèl yo, sèvis kouran yo bay PSC plan entèkansyon dijans yo epi dwe, dapre plan sa yo, prepare pou pàn kouran akòz gwo move tan. Dènye evènman yo te montre ke sanksyon yo nan PSL pa te yon mwayen sifizan pou dekouraje aksyon oswa inaksyon ki vyole plan entèkansyon dijans yo. Non sèlman vyolasyon sa yo deranje sante ak sekirite piblik la, men tou kontribiyab yo merite pi bon sèvis, epi konpayi sèvis piblik yo dwe fèt nan pi wo estanda yo lè nou konsidere franchiz yo te ba yo pou bay sèvis ak kliyan yo.

Pwojè lwa a pral amande lwa sèvis piblik pou ogmante sanksyon yo nan retire limit ki egziste yo ak ranplase sistèm evalyasyon sanksyon aktyèl la avèk yon sistèm ki pèsonalize sanksyon yo pwoposyonèlman ak nati ak mezi domaj sèvis piblik yo te lakòz ki vyole lalwa. Kounye a, sanksyon ki gen rapò ak disponiblite ak kontinuite sèvis elektrik, ki gen ladan restorasyon apre yon gwo pàn kouran oswa yon evènman, kòmanse nan 100,000 dola oswa .02 nan 1% nan revni eksplwatasyon brit anyèl anndan eta a, kèlkeswa sa ki pi gwo, pou chak ofans separe epi distenk. Sanksyon yo monte nan 500,000 dola oswa .04 nan 1%, kèlkeswa sa ki pi gwo, pou sèvis piblik gaz ak elektrik konbine nan restorasyon sèvis elektrik apre yon gwo evènman pàn oswa ijans.

Dispozisyon ki eklèsi anilasyon an pral abòde kesyon ki gen ladan pwopriyete ak transfè resous tankou sou-estasyon, kab ak kamyon pou asire ke yo pa chaje kontribiyab yo ki te finanse yo ankò nan ka yon nouvo operatè pran mayèt la. Pwojè lwa a ap otorize nonminen tou yon reseptè si PSC anile sètifika sèvis piblik yo pou fonksyone, ki pral asire operasyon yon sèvis piblik nan enterè piblik la pandan yon tranzisyon.

Anplis de sa, pwojè lwa a egzije PSC pou etidye si founisè dlo prive yo nan Long Island dwe pase anba kontwòl minisipalite a pou amelyore livrezon sèvis dlo pou kontribiyab yo. Dènye preyokipasyon yo sou kalite sèvis dlo a ak jesyon founisè dlo prive yo jistifye pi bon analiz pou detèmine si piblik la jwenn pi bon sèvis nan men yon antite minisipal. Pwojè lwa a egzije PSC pou pibliye yon rapò anvan 1ye avril 2021.

**Senatè Jim Gaughran te deklare,** "Dlo piblik se yon dwa moun. Pandan plizyè ane, New York American Water te eksplwate rezidan Long Island yo avèk tarif ki egzòbitan ak pratik biznis wonte. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip ak patenarya li nan batay pou anpeche konpayi dlo prive yo tire pwofi sou do rezidan Long Island yo, epi mwen pa ka tann pou adopte lejislasyon sa a byen vit. Tout rezidan Long Island yo gen dwa ak dlo piblik ki san danje ak pwòp".

**Senatè Kevin Thomas te deklare,** "Pandan twò lontan, konpayi sèvis piblik yo te abize konfyans kontribiyab yo ak eta a te mete nan yo, espesyalman nan Long Island. Kòm Prezidan Komite Pwoteksyon Konsomatè a, mwen te batay di pou asire konpayi sèvis piblik yo responsab lè yo pa kenbe responsabilite yo pou livre sèvis san danje ak fyab pou kontribiyab yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak kolèg mwen yo dèske yo te entèvni pou defann konsomatè New York yo nan sipòte lejislasyon enpòtan sa a".

**Senatè John E. Brooks te deklare,** "Mwen bay tout sipò mwen ak lejislasyon Gouvènè Cuomo pwopoze a ki pral bay pi gwo otorite ak Komisyon Sèvis Piblik la pou pwoteje konsomatè yo kont pratik dwòl konpayi sèvis piblik ki prive yo. Pandan 4 ane pase yo, mwen te rankontre ak gwo responsab jesyon yon konpayi dlo ki prive ki se yon founisè prensipal pou anpil kominote nan konte Nassau epi mwen te mete an kesyon pratik ak pri ki gen rapò ak pwogram tarif yo, efikasite konsèvasyon pri, frè pou bòn ensandi, obligasyon fiskal ak lòt ankò. Mwen kwè yon etid PSC pral detèmine kijan founisè ki gen pwopriyete nan minisipalite a t ap benefik pou konsomatè Long Island yo epi nan pi bi bon enterè piblik la".

**Senatè Todd Kaminsky te deklare,** "Rezidan Long Island yo nan Litoral Sid la bouke ak sèvis piblik yo, tankou American Water, ki kontinye pa reyisi epi ki toujou ap reziste ak refòm menm lè sa byen jistifye. Aksyon Gouvènè a demontre jodi a nou pa pral otorize yo ankò aji ak enpinite epi tire pwofi sou kontribiyab yo ki twouve yo sou bò falèz. Pwojè lwa sa yo pral asire antite ki bay sèvis esansyèl yo - tankou dlo - aji yon fason responsab epi kenbe yo responsab anvè kliyan yo".

**Senatris Monica Martinez te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou aksyon rapid li pou kenbe konpayi sèvis piblik nou yo responsab lè yo vyole konfyans piblik la epi pa reponn kòm sadwa ak evènman ak tanpèt natirèl yo; sa ki kite rezidan yo san espwa epi san repons, lè konpayi yo pa byen kominike ak kliyan yo. Lè nou bay Komisyon Sèvis Piblik la kapasite pou mete anplas plizyè garanti ki pral asire rezidan nou yo resevwa pa sèlman sèvis piblik, men tou, sèvis kliyan an peye pou li a. Long Island espesyalman vilnerab ak katastwòf natirèl yo, epi nou dwe gen yon konpayi sèvis piblik fyab anplas ki pral kapab satisfè demann kliyan yo, espesyalman pandan moman difisil yo depi pandemi COVID la, epi kote anpil moun ap travay depi lakay".

**Senatè Anna Kaplan te deklare,** "PSEG LI, Altice ak Verizon mete rezidan Long Island yo nan lanfè nan mwa out pase a lè yo pa te rive reponn ak Tanpèt Twopikal Isaias la. Li klè ke nou bezwen mezi sekirite anplas pou kenbe konpayi sèvis piblik sa yo responsab pou echèk yo, nou bezwen pi bon pwoteksyon konsomatè pou rezidan nou yo, epi Eta a bezwen gen plis fleksibilite pou ranplase konpayi sa yo si yo pa vle oswa pa kapab sèvi nesosite rezidan Long Island yo nan yon ijans. Mwen rekonesan pou

lidèchip Gouvènè Cuomo dèske li pwopoze nouvo mezi pou fè sèlman sa, epi m ap batay pou yo adopte li lè mwen retounen nan Albany".

**Manm Asanble Charles Lavine te deklare,** "Rezidan Long Island yo twò an dezavantaj depi lontan akòz yo te depann de konpayi sèvis piblik, kab ak kominikasyon ak konpayi dlo prive yo. Ase se ase. Lejislasyon sa a, ke mwen fyè pou sipòte li, pral bay plis pwoteksyon ki nesèsè pou sitwayen nou yo".

**Manm Asanble Judy Griffin te deklare,** "Mòso lejislasyon sa a se yon gwo viktwa pou kontribiyab yo nan Long Island ak nan Asanble Distri 21 ki peye tarif egzòbitan pou sèvis ki pa konsistan epi ki pa bon kalite. Mwen bay tout sipò mwen ak mòso lejislasyon sa a ki pral kenbe konpayi sèvis piblik yo responsab anvè kliyan yo epi pral finalman bay kontribiyab yo sa yo bezwen -- yon sèvis fyab kote yo pa sibi pinisyon akòz enkapasite konpayi sèvis piblik yo pou bay sèvis".

**Manm Asanble Michaelle Solages te deklare,** "Lejislasyon sa a ap pwoteje enterè konsomatè rezidan New York yo nan zafè ki gen pou wè ak sèvis piblik rezidansyèl. Chak Nouyòkè merite sèvis ki efikas, espesyalman nan moman ijans yo. Mwen pa ka tann pou travay ak kolèg mwen yo ak Gouvènè Cuomo pou asire konpayi sèvis piblik prive yo fè sa ki kòrèk pou satisfè kontribiyab yo".

**Manm Asanble Taylor Darling te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman kontinyèl li pou kenbe konpayi sèvis piblik yo responsab pou vyolasyon konfyans piblik la. Nouyòkè yo merite mye epi lejislasyon sa a pral kenbe yo responsab pou aksyon yo nan itilize mezi aplikasyon lalwa ki nesèsè".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deja anonse Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York te konplete premye faz nan investigasyon li nan yon tan rekò nan efò preparasyon ak restorasyon sèvis piblik ki gen rapò ak tanpèt twopikal Isaias. Kòm rezilta, Depatman an te voye lèt Avi Vyolasyon Aparan bay kat founisè sèvis elektrik — Con Edison, Orange & Rockland, PSEG LI ak Central Hudson — ak founisè sèvis telefòn, kab ak entènèt Altice-Optimum ki fè fas a sanksyon sevè epi yo dwe pran mezi korektif imedyata pou echèk similè yo pa repete pandan rès sezon siklòn lan. Sa a se te premye fwa DPS te lanse pwosesis ankèt la ak Avi Vyolasyon Aparan, epi yo ap sere boulon pwosesis ankèt la soti nan 12 a 24 mwa abityèl la a sèlman 6 mwa.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)